ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№108 (21.516) ●2009 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 10, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Жылагъуэхэм зауэкьыным теухуауэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм я отчет-хэхьыныгъэ зэІуІэ дыгъуасэ щекІуэкІащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и АСМО-м и правленэм и унафэщІ **Пэнагуэ Максим** зэхьыхьэр къызэІуихыу, зэрыпхьэзэну щыкІэр яубзыхуа нэужь, ямпсалъэр Президент **Кьанокъуэ Арсен** къагъэсащ.

- Ныбжьэгъу лъапІэхэ, пщІэ зыхуэсщІ си лэжьэгъуэхэ! Нобэрей зэІуІэм сыкъызэрегъэблагъэм папщІэ фІыщІэ фхуэсщІ. Муниципальнэ щІыналъэхэм я Іуэхущапхэмэ, абыхэм я зыужьыкІэм теухуа псалъэмакъ щхьэпэ, купщІафІэ зэрегъэкІуэкІынур си фІэщ мэхъу. Фызыгъэпейтейхэм я гугъу зэрыфщІынри фызыхьэогъэгугъэ, - жиІащ Президентым. - Мыри кьыхьзгъэщынут: иджыпсту догъэхьэзыр республикэм и жылагъуэхэм я зэІуэзэпэщІэм теухуа программэ. ЗэІуІэм къыщыхэфлъхьну Іуэхугъуэхэм абы щыщІ хэмытмэ, ахэри хэдгъэхьэнущ.

Кьанокъуэ Арсен щхьэхуэу кьытеувыІащ пІалъэ курытым тещІыхьауэ зэфІагъэкІыну я мурадхэм. Апхуэдэщ жылагъуэ псори газрэ токкІэ ирикъуу кьызэгъэпэщыныр, амбуляторэхэмрэ поликлиникэхэмрэ, клубэмрэ ЩэнхабзэмкІэ унэхэмрэ иядерей Іэмэпсымэхэр щыгъэувыныр, спорт комплексхэр ухуэныр, гъэугу нэхъыщхьэхэмрэ къуажэ кІуэцІхэм щыІэхэмрэ зэІуэпэщ щыныр.

- Къэгъальэгъуэ хуейщ 131-нэ Законым щІыпІэ самоуправленэм и реформэ щхьэкІуэкІыным теухуауэ УФ-м и щІыналъэхэм яхуигъэува кьалэн нэхъыщхьэхэр зэрызэфІэдгъэкІар. Правовой лъабжьэ къызэдгъэпэщащ: закон щхьэхуэхэр, жылагъуэхэм я уставхэр, дызыхуей правовой и актымрэ методикэ чэнджэщхэмрэ къэтщтащ, нэгъуэщІ куэдми дыхунэсащ. А екъулІэныгъэхэм фи Зэгухьэныгъэм и фЫыщІэхуэ хэлъу кьызолъытэ. Иджы абы щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхущапхэхэмрэ республикэм и къэрал властым и органхэмрэ зэпызыщІэ лъэмыжкІэ уеджэ хъунущ.

Илъэс блэкІахэр ди дежкІэ тыншу щытакъым, итіани социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкІэ зыхуэдгъэувыжауэ щытэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр дгъэзэщІащ, - кьыхигъэщащ Президентым.

ИужькІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щІыналъэхэм я зэгухьэныгъэм 2008 гъэм зэфІигъэкІамрэ мы илъэсым кьыпэщыт кьалэнэхэмрэ я ятеухуауэ доклад ищІащ Пэнагуэ Максим.

Абы зэрыжиІамкІэ, гъащІэм кьигъэнэІуащ «Урысей Федерацэм щІыпІэ самоуправленэ къыщыдзэгъэпэщыныжкІэ ponsu яхуэгъэзащІэ я Іуэхуитіэ» 131-нэ Федеральнэ законым мыхьэнэшхуэ зэририІэр. Къэпштэмэ, властымрэ цІыхубэмрэ нэрылъагъуу зэрешалІэ, псэуныгъэм екьэлІа Іуэху куэдыкІейхэр зэуІуу зэфІэхэ мэхъу.

- ЩІыпІэ самоуправленэм щекІуэкІ зэхьэзыкІыныгъэхэр республикэм и лІышъхьэм жыджеру дебыгъ. Абы и фЫыщІэкІэ властым и гъэзэщІакІуэ органхэмрэ щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхущапхэхэмрэ зэрыщІэу зэдолажьэ. Правительствэм Президентым и Администрацэмрэ щыщхэр хэту къалэхэм, районхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр щекІуэкІащ. Абы ильэс блэкІ ди республикэм и Іэтащхьэм и Іуэхущапхэхэмрэ зэрыщІэу зэдолажьэ. Президентым нэгъабэ жылагъуэхэм щыкІуам пщэрыльу 748-рэ ищІати, процент 50-м щІигъур ягъэзэщІащ.

Республикэм и Іэтащхьэм къызэригъэувам тету, Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ министерствэм игъэхьэзырыдж «2009 - 2013 гъэхэм социальнэ, инженер инфраструктурэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэм зэрызыщаужыныр» программэ хэхам и проектыр. Ар илъэсэ 5-м тещІыхьащ, абы щыубзыхуэ Іуэхугъуэхэм сом мелард 22-м нэблагъэ хуэхахыну, - къыгурІуэгъуэщ Пэнагуэ Максим.

Ар зэпкърыхауэ кьытеувыІащ КЪР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм я зэгухьэныгъэм нэгъабэ зэфІигъэкІахэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэм хуэІэ пьщІэныгъэхэм зэрызыдгъуэм, ахэр зэрагъэбжьдам. Мы гъэм накъыгъэм и 28-м КЪР-м и Парламентым япэ кьеджэгъуэу кьищтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я советхэм зэрыдалэжьэнум и Іуэхугъэ» республикэ Законыр. Абы лъэныкъуэхэм я зэпыщІэныгъэр хабзэкІэ щІигъэбыдэнущ.

ЗэІуІэм кьыщыпсэлъащ Прохладнэ муниципальнэ районым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Гертер Иван**, КЪР-м экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий**, республикэм и Парламентым ЩІыпІэ самоуправленэмрэ щІыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьныгъэмрэ я Іуэхущапхэмрэ и комитетым и унафэщІ **Берд Хъэрэталий**, КЪР-м и Президентым и Администрацэм и лІыкІуэ **Мырзэкъан Арсен**, нэгъуэщІхэри.

Зэхуэсахэм АСМО-м и Уставым зэхъуэкІыныгъэ хагъэхьащ, Ассоциацэм и Правленэм, ревизэ комиссэм зэхэтэр хахащ.

КЪР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ кьулыкъущ зэдзэрзэлуэ Пэнагуэ Максим кьытранэжащ. Псоу, Прохладнэ, Шэрэдж муниципальнэ куейхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэ **Гертер Иванрэ Темирзанов Махътырэ** абы и къуэдзащ.

Маслов Николай зэгухьэныгъэм и гъэзэщІакІуэ унафэщІу хахьжащ.

ЗэІуІэм дилломкэхэр зэрыщІэсу саугъэтхэмрэ щратыжащ «КЪР-м и кІуажэхэм ящыщу муниципальнэ щІыналъэ нэхъыфІ», «ЩІыпІэ самоуправленэм щекІуэкІ зэхьэзыкІныгъэхэр нэхъыфІу кьэзыгъэльэгъуа районыхьабгерагъэ Іэнатіэ» республикэ зэпеуэхэм щытекІуэхэм.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

«Чайка» къэрал Іуэхущапхэм и директор Безрокъуэ Олег, «Маяк» санаторэм и унафэщІ Мамаевэ Галинэ, «Эльбрус» пансионатым и лІыкІуэ Къазий Хьэсэнбий сымэ Іуэхущапхэхэм вагъунщ мыхьэнэ кьеІэут сертификатхэр яІыгъыу. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *триращ.*

Ди зыгъэпсэхупІэхэр йофІакІуэ

Мэкъуауэгъуэм и 8-м КЪБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм и унэм зэІуІэ щыІэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Налшык щыІэ «Маяк», «Чайка», Іуащхьэмахуэ поселкэм дэт «Эльбрус» санаторэхэм вагъунщ мыхьэнэр (статусыр) етыным.

- ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и зыгъэпсэхупІэхэр, нэгъуэгъуэжьыпІэхэр егъэфІэкІуэныр иужьрей зэманым гулыитэшхуэ хуащІ хъуащ, - кьыхигъэщащ зэІуІэр кьыгъэІуэзыха, КЪР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министрым, и къуэдзэ Улаков Юсуп. - Абы екъэлІащ ди нобэрей Іуэхугъуэри.

Адэкіэ псалъэ ираташ зэІущІэм хэтыж папщІэ Налшык къэкІуа, «Курорт и экспертизэ» ОАО-м и генеральнэ директорым и къуэдзэ Денисов Александр.

- Дэ мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэшхуэ щетхьэжьащ, - жиІащ абы. - Ар теухуащ республикэм щылажьэ санаторэхэмрэ пансионатхэмрэ я щытыкІэр къэпщытэнным. Лэжьыгъэхэм кьрикІуахэм дыхэпльэжри, къэтлыытащ «Маяк», «Чайка», «Эльбрус» санаторэхэм вагъунщ зиІэ мыхьэнэр етын хуейуэ. Ди гуапэщ дяпэкІэ КЪР-м щІыпІэ апхуэдэ Іуэхущапхэхэр ефІакІуэ зэпыту екІуэкІыну.

ИщхьэкІэ зи цІэ къитІуа санаторэхэм я мыхьэнэщІэм щыхьэт техьэу сертификатхэр Іуэхущапхэхэм я унафэщІхэм ираташ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Бахъсэн псым и Іуфэхэр ягъэбыдэ

Илъэс куэд хъуауэ гугъу йохь Бахъсэн псым и Іуфэм Іус Исльэмей, Хьэтохъущыкъуэй куэдкІэ

ПСЫМ и Іэгъуэблагъэм щыпсэу унагъуэхэм я хадэхэр, пщІантІэхэр иреІэсхьІ ар кьиуа иужь, псэупІэ унэхэм щынэси щыІэу. Мы махуэхэм нужь ихьащ псыжапІэхэр зэтес щІыным, псы Іуфэхэр гъэбыдэным. Махуэ псом мыбы щылажьэ техникэ хьэпъэхэмкІэ псыжапІэщІэ ящІ. Абы и кІыхьагъщ метр 800 нэс. Къуажэдэсхэм я дежкІэ мыхьэнэ ин зиІэ мы лэжьыгъэр езыгъэжьащІыр Исльэмей кьуажэ администрацэрщ. Абы и проектым мылъку кьызихьащ Бахъсэн куей администрацэми.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

ЧЕЧЕНОВ Ануар:

Лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым адэкІи дыкІэлъыплъынущ

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар иригъэжьауэ щІащ республикэм законхэр кьыдгъэзэжьи органым и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр. Абы щыхэпльащ мыхьэнэшхуэ зиІэ законопроектэ, законхэр кьыдгъэзэжьынымкІэ зэрэдму зыбжанэм.

КЪАПЩГЪЭМЭ, Парламентым и депутат 24-м КЪР-м и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ кьаІэта жэрдэмыр хуэунэтІащ республикэм и Закон Нэхъыщхьэм и Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр федеральнэ законодательствэм егъэзэгъыкьыным. А документым кьызэрыщыгъэлъагъэ, КЪР-м и Правительствэм иригъэжьауэ Іэжьыгъэм кьрикІуэхэм ятпкІ ИТКІ-р Парламентым и пащхьэ отчет щищІым хуейщ. Адрей Іуэхугъуэщ Іэхэм ящыщщ законхэр кьыдгъэзэжьынымкІэ жэрдэм кьаІэтыну хуитынныгъэ зиІэ субъектхэм ЦІыхум и хуитынныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КЪР-м щыІэр зэрыхагъэхьэр, нэгъэщІ Іуэхугъуэ зыбжанэ.

ЗэІуІэм апхуэдэу щыхэпльащ «ЖылагъуэшхапІэхэм ящыщу пивэкІэ розницэ сату щащІыну, апхуэдэу пивэхэкІэр зыхэт зэрыщІэщ фадэхэр щрагъэхъэную, щрафыну хуит ямыщІхэр зэрагъэбедджылы щІыкІэм и Іуэхугъэ» законопроектым. КЪР-м и Парламентым и комитетхэм пщэрыльщащІащ а документым Парламентым и зэІуІэм щыхэпльэн папщІэ ягъэхъэзырыну.

Депутатхэм апхуэдэу даІыгъащ федеральнэ закон зыбжанэм, къащтэмэ, «ЩІым щІэлъ хъугъуэфІыгъуэхэм я Іуэхугъэ», «Библиотекэ лъэныгъэм и Іуэхугъэ» законхэм зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъуэжьныгъэхэмрэ хэлъхьэным хуэунэтІауэ УФ-м и субъектхэм я къэрал властым и лІыкІуэ органхэм кьаІэта жэрдэмхэр.

(КІуэхыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутат Сыжажэ Валерий Хъусен и къуэр тхыным и Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м

№54/16-1 *Налшык къалэ*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандатэу хуит кьэхуар «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм кьыхилъхьа спискэм иту ятха кандидатым етыным и Іуэхугъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м кьыдигъэкІа Унафэ №53/15-1-м ипкъ иткІэ икІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Іуэхугъэ» 2008 гъэм щыщкъэІум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68 статьям и Іыхьэ 3-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутату Сыжажэ Валерий Хъусен и къуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутату ятхам етын ар зэрыхахамкІэ удостоверенэр.

3. Мы Унафэр щыхуб хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм къыщытедзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и УнафэщІ ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириндж

Фыхэтыну фыхуеймэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр 2009 гъэм и гъатхэ сессием зэлъхьыну Іуэхугъэхьащхьэхэм я планым тету, КЪР-м и Парламентым ПромышленностымкІэ, гъэуэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ и комитетым 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м сыхьэт 15-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унэм (ещанэ кьат) щрегъэкІуэкІ «Связым и щытыкІэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и щІыналъэм абы зыщегъэужьыныжкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ я Іуэхугъэ» зэІущІэщхэр. Абы хэтын папщІэ организацІэхэм, къэрал, муниципальнэ органхэм я заявкэхэр Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 55 хэщІапІэмкІэ хуагъэхьын хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкІэ, гъэуэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ и комитетым.

Фыщсалъэ хъунущ 40-48-63, 42-49-02 телефонхэмкІэ.

Урысейм и махуэм «Студент гъатхэр» Кавказым къокІуэ

● Нобэ

«Мамырыгъэ! Шлаэгъуэ! Зэгурыіуэныгъэ!» кьыхуеджэныгъэм щІэту Налшык къалэ нобэ кьыщыізэуах «Студент гъатхэр - Кавказым» фестивалыр. Ипщэ Федеральнэ щІыналъэм щыхьэ республикэхэм, крайхэм, областхэм щыщ щІалэгъуалэ гупсэхэр зыхэтыр.

КАВКАЗЫМ щыпсэу лъэпкъхэм яку дэль зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэныр, Ипщэ щІыналъэм ис щІалэгъуалэр зэпыщІэныр гуфІэгъуэ зэхуэхьэм и мурад нэхьыщхьэр.

Фестивалыр УФ-м Спортымкіэ, туризмэмкіэ, щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министерствэм, ЩІалэгъуалэм я урысейпсо зэгухьэныгъэ, КъР-м ХьэбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкіэ, Щэнхабзэмкіэ и министерствэхэм, КъБКъУ-м, КъБКъМА-м зэгъусэу зэхэщащ. Кьызэгъэпэщащ къэкІуэнымрэ и унафэщІ КЪР-м и Правительствэм и Унафэщ Іуэхугъэ дыщэкІ Мадинэ.

Фестивалым и щІалэгъуалэ гупым я утыку итыкІэм кІэлъыплъынущ ди кьэралым и щэнхабзэм и лэжьакІуэ щІэрыІуэхэр.

Ипэ махуэм, нобэ, сыкьэт 16-м Налшык и Музыкэ театрым фестивалым хэтынутхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ папщІэ КЪР-м и щІалэгъуалэ гупым концерт щатынущ.

Мэкъуауэгъуэм и 11-м сыхьэти 10-м Музыкэ театрым «Студент гъатхэр - Кавказым» щІыналъэпсо фестивалыр кьыщыізэуахынущ. Абы щагъэльэгъуэнущ фестивалым хэтхэм абы хуагъэхьэзыра программэр.

Мэкъуауэгъуэм 12-м «Студент гъатхэр - Кавказым» щІыналъэпсо фестивалым хэт щІалэгъуалэ гупхэри абы кьрихьэлІа хьэщІэхэри махуэшхуэ пэкІум хэтынущ. Аэр Ленининым и цІэр зезыхьэ уэрамым ирикІынущ, Ипщэ Федеральнэ округым хьыхь щІыналъэхэм я ныпхэр яІыгъыу, я лъэпкъ фащэхэр ящыгъыу. Театр Щхьэнтэм щекІуэкІынущ гала-концертыщхьэ, ар кьызэІуихынущ КЪР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен. Пщыхьэщхьэм щІалэгъуалэр Абхъазым и утыку щызэхэухынущ. Ныбжьыщхьэр абдеж щыджэгунущ, кьыщыфэнущ. ГуфІэгъуэм и кІэухыу хьэрэкІытІэхэр дгъэзэлъэтеинущ.

ФщыІэупщІэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: 77-66-09, 77-67-64.

Къэрал Іуэхукіэ

Эстониемрэ къэрал щыІэ Іуэхуэмкіэ и министр Паэт Урмас дыгъуасэ Курджым кІуащ.

Эстониемрэ МИД-м и пресс-Іуэхущапіэм кьызэритымкіэ, ар Курджым и Президент Саакашвили Михаил, парламентым и спикер Бакрадзе Давид, правительствэм и унафэщІ Гилаури Николоз, къэрал щыІэ Іуэхуэмкіэ министр Вашадзе Григол сымэ яІущІэщІ. Абыхэм я мурадщ Курджымрэ Эстониемрэ зэрызэдэлажьэм зрагъэубгъуну.

Льэжьажэ кІэухыншэ

«Щыхуэ лажьэнщхэр зэрыхэкІуадэр, укІиІэ суд ящІэу зэрыщІадзэжар. Иракым и щІыпІэ зыбжанэм щытыкІэр кьыщызэщІэнытьу зэрыщытыр и лъэныкъуэ и къэралым щынагъуэнщагъэри щыхуэхэм я хуитынныгъэхэри

Льэпкъ Іущыгъэ:

Захуэм хабзэр и телъхьэщ.

мардэншэу кьызэрыщІэзэпаудым», - щыжеІэ ООН-м и секретарь нэхъыщхьэ ПанГи Мун Щыгъуэншагъэмкіэ Советым Ольшэхьэм Бригъэхьа докладым.

Абы кьызэриІытьэмкіэ, Иракым щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуэщытыкІэр кІуэ пэтми нэхъыкІэ мэхъу. Ар щІеІаКІуэм и щхьэхуэсытуэхэм ящыщІу вакъэлыпІэм щІы-дагъэу ищэр зэригъэмэщІар. Хэхъуэм кІэрыхуащІ, правительствэм кьыхуэзгъэпэщыркъым тэмэму лэжьэфыну полищэ. Пан Ги Мун Щынагъэншагъэмкіэ Советым игу къигъэкІыжащ Иракым мэлыжьыхь мазэ закъуэм кьриубыдэу террористхэм бомбэ 20 кьызэрыщагъэуар, абы щыІэу 355-рэ, хамэ къэрал икІаУэ 80 зэрыхэкІуэдар.

Обамэ Барак яукІынут?

США-м и судым блыщхьэм кьыщта унафэм ипкъ иткІэ, Каролинэ Ищхъэрэм щыпсэу Бланшард Джерри Майкл илъэсрэ зы махуэкІэ згъэтІысащ. США-м и президент Барак Обамэ хэхьыныгъэхэм щыхэтым нукІыну зэрыжиІауэ щытамкІэ згъэкъуанщэри.

Илъэс 48-рэ зи ныбжь лІы «тахуІэрэйм» етхьэкъуауэ доллар мини 3-кІэ, тутнакъэщым кьикІыжа нэхъжьи полицэм и нэІэ темыкІыну илъэси 3-кІэ псэун хуейщ.

Нэ ІуэрыІуатэ

◆Мэкъуауэгъуэм и 10 - 12-хэм Кейптаун (ЮАР) щыізэхэтынущ Африкэм и экономикэм зиужьыным пыщІа Іуэхугъуэхэм теуХуа 19-нэ дунейпсо зэІущІэ.

◆Мысырым и тхакІуэ цІэрыІуэ, кьызыхэкІа лъэпкъкІи щэрджэс. Азиемрэ Африкэмрэ я лъэпкъхэр зэкъуэтыныжкІэ организацэм и Генеральнэ унафэщІу щыта **Сибан ас-Сибан Юсуф** кьыщацІуа махуэщ (1917 - 1978).

◆1774 гъэм Урысейм Іыркумрэ зэращІыІащ Кючук-Кайнарджий мамыр зэгурыІуэныгъэр. Абы ипкъ иткІэ Къэбэрдейр Урысейм и зы Іыхьэу кьаІытащ.

◆1955 гъэм ПартKалэпэрэТырнывауэрэ кьаІэ хъущ.

◆Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакъикъ 25-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъ 46-м. ◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъ 21-рэ.

Ипланэрэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩІО Зарифиц.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Нэхущ Іэдэм фЫыщІэ къыхуащІ

● ЩІДАА

Накъыгъэм и 18 - 22 махуэхэм Налшык щекІуэкІа ятІэ Дунейпсо урысей-абхъаз симпозиумыр купщІафІэу, сыткІи зыхуэсІ хуэзэу кьызэрэщІэщІа зэрыхьуам теухуа тхыгъэ, хъыбар куэд ноБэм кьыІэрохьэ Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІ, ЩІДАА-м и Президент, симпозиумым и сопредседателу щыта Нэхущ Іэдэм.

АПХУЭДЭХЭМ ящыщщ иджыблагъэ Абхъаз Республикэм кьинкІа тхыгъэр. Ар кьыбгъэдокІ Абхъаз кьэралуниверситетым и ректор, ЩІДАА-м и академик Гварамие Алекэ.

«Пщэ зыхуэтщІ Іэдэм Мэрем и кьуэ? Сэри си лэжьэгъухэми икъукІэ ди гуапэ хъущ математикэмкІэ зиІэ дунейпсо урысей-абхъаз симпозиумыр кьызэгъэпэщыным, ар Налшык щегъэкІуэкІыным жэрдэмщІакІуэ уэзрыхуэхъуар. А зэхьыхьэр щІэныгъэм и махуэшхуэт, ди зэкъуэшыгъэм и джэлэс нэст.

Уэри, уи нэІэм щІэту лажьэ адрей псоми фЫыщІэ ин фхуэдэщ! Абхъазым нИкІа гупым гулытэ хэха кьызэрытхуэфщам щхьэкІэ.

Си гуапэу хъыбар фызогъащІэ симпозиумым кьратыкІа репортажыр абхъаз телевиденэм пІэнейрэ кьызэригъэльэгъэжамкІэ. Налшык щекІуэкІа щІэныгъэ зэхуэсыр хуабжьу гъэщІэгъуэн ящыхъуащ ди республикэм и цІыхухэм. Псоми зыжьэу зэдыжьащ «Іэдэм зэрыматематикэм гъэрэхьэлъэм нэмышІкІэ, физикэ Іэзэу, адыгэ-абхъаз лъэпкъым и хэкупсэу зэрыщытыр».

Уэрэ, уи унагъуэмэ, уи лэжьыгъуэмэ зэпышагъэ быдэ, творческэ екъулІэныгъэ фиІэну ди гуапэщ».

Гварамие Алекэ и псалъэхэм тохуэ кьалэ 18-м кьинкІауэ симпозиумым хэта щІэныгъэлІхэм я гупсысэхэри.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Дзэлыкъуэ куей

Сабийхэр ягъэгушхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Хъыбарегъащ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и министерствэмрэ «Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ Дзэлыкъуэ куейм щрагъэкІуэкІащ хуэмыдэ щІалэгъуалэм псэу унагъуэхэм кьахэкІа сабийхэм ядэІэпыкъуным теухуа Іуэху.

Акцэр щекІуэкІа Щэнхабзэмкіэ район центрым щыізэхуащэат сабий 300-м нэблагъэ. Абыхэм яхэтащ мы зэманым школ лагерхэм зыщыізыгъэпсэухуэр.

Ипэ щыкІэ цІыкІуэхэм папщІэ ягъэзэжьащ республикэм щІыналъэм я кьэфакІуэ, уэрэджэкІакІуэ гупхэр хэту. Псом хуэмыдэу цІыкІуэхэм гукъинэж ящыхъуащ дискотекэр. Абы и ужькІэ центрым и залышхуэм цІыкІуэхэм Іэфы кІэ Іэнэ кьыщыхуащтащ. Мы Іуэхур кьызэІулъхьаху я Іуэхугъэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и министерствэмрэ «Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ Дзэлыкъуэ куейм и Іэтащхьэ псэу унагъуэхэм кьахэкІа сабийхэм ядэІэпыкъуным теухуа Іуэху.

Ипэ щыкІэ цІыкІуэхэм папщІэ ягъэльэгъуащ, республикэм щІыналъэм я кьэфакІуэ, уэрэджэкІакІуэ гупхэр хэту. Псом хуэмыдэу цІыкІуэхэм гукъинэж ящыхъуащ дискотекэр. Абы и ужькІэ центрым и залышхуэм цІыкІуэхэм Іэфы кІэ Іэнэ кьыщыхуащтащ. Мы Іуэхур кьызэІулъхьаху я Іуэхугъэмкіэ и министерствэмрэ «Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм и унафэщІ Іэфы кІэ Іэфы кІэ Іэнэ кьыщыхуащтащ. Мы Іуэхур кьызэІулъхьаху я Іуэхугъэмкіэ и министерствэмрэ «Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ Дзэлыкъуэ куейм и Іэтащхьэ псэу унагъуэхэм кьахэкІа сабийхэм ядэІэпыкъуным теухуа Іуэху.

Акцэр щекІуэкІа Щэнхабзэмкіэ район центрым щыізэхуащэат сабий 300-м нэблагъэ. Абыхэм яхэтащ

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Псэр дотынш

СИ НЫБЖЬЫР илъэс 80-м зэрыщыхьэдэхрэ Іэдэжь щІащ, итіани фІыуэ слъагъу «Адыгэ псалъэ» газетыр кьыщыісхуахьынум кьысхуэмыгъэсу сыпоплъэ. Абы кьытрадзэ тхыгъэ зэмылэужьыгъуэхэм си жьыщхьэ сыдихьэхьау икІи сфІэгъэщІэгъуэну соджэ. ГъащІэм и лъэныкъуэ псоми ар зэрытетхьыхыр гуапэ сщохьу. Ди къэраным, ди щыхуэм, гъунэгъу республикэхэм я псэукІэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыпсэу адыгэхэм ятеуХуа тхыгъэхэр гъэщІэгъуэнщ, щІэщыгъуэщ икІи купщІафІэщ.

Хэку зауэшхуэм и пэкІи, абы и лъэхъэнэ хьэпъэми, бийм зэтрикъуэта щыхубэ хозяйствэр кьыщацІэтыжьым щыгъуэм лэжьыгъэшхуэ зэфІэгъэкІа хъуащ. Апхуэдэ Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхь тхыгъэхэм, а псор зи нэгу щІэкІахэм кьаІуэтэжхэм си гур ягъэхуабэ, абыхэм куэд дыдэ си нэгу кьыщІагъэхьэж. Ар сыт и уасэ!

Газетым и напэкІуэцІхэм хабзэмрэ нэмысымрэ, щыхуэхэр зэрызэхущытыпхэм, псэсэныгъэм и мыхьэнэм увыпІэ щхьэхуэ щаубыд. Абыхэм нэгъэщІ тхыгъэхэмэ укьыщыедджэкІэ, псэр дотынш.

УМАР Маржэнэт,
лэжьыгъэм и ветеран.
Аруан къуажэ.

Ди газетыр кьыфІэрохьэну фыхуейтмэ Ди щІэджыщІакІуэ лъапІэхэ!

Физэ кьыдогъэкІыжа 2009 гъэм и кІэуэ ильэс нобэрэм кьыфІэрохьэну газетхэм, журналхэм І ящІэнэр зэрекІуэкІыр.

Ильэс нобэрэм газетым и уасэр сом 356-рэ иІэмэкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» І ящІтхьэуэ хэхуащ республикэм и почтэ Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Май куей

Ипэ ирагъащ

Май куейм хьыхь Котляревскэ жылагъуэр іофІакІуэ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и къуажэхэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ 2012 гъэ щІопэ зытетыну республикэ программэ ипкъ иткІэ, мы зэманым зыхуей хуагъэзащ Таманскэ, Тверской уэрамхэр. ДяпэкІэ Пушкиным, Буденнэм я цІэхэр зезыхь, Донской уэрамхэм асфальт трагъахьэнущ.

Ильэс куэд льандэрэ топсэльыхь кьуажэ дыхьэпІэм деж щыІэ гуэлыр гъэкъэбзауэ мы щыпІэм щыпсэуэхэм зыгъэпсэхупІэ кьахъуэІухьан зэрыхуейм. Иджыпсту абы теухуа лэжьыгъэ йокІуэкІ: «Красная нива» мэкъумэщ Іуэхущапіэм и гуэлыр бдджэнду итауэ, абы и Іэгъуэблагъэр зэщІагъэкъабзэ. Гуэл Іуфэхэр зыхуей хуагъэзэмэ, гъэмахуэ псом абы зыщагъэпсэху хъунущ Май куейм щыпсэуэхэм я мызакъуэу, нэгъэщІ щыпІэ кьикІахэми. Апхуэдэу мы ильэсым щыщІэдзауэ газ, псы зрикІуэ бжьамийхэр ирапщІэну я мурадщ унагъуэ 16-м щІы щрата Котляревскэм и хьэблэщІэмк.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым адэкIи дыкIэлъыплъынущ

(КIуэхыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

КЪЕР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм унафэ ящыщыгъэ республикэм боксым эщыгъэкIуэнымкIэ хэдгъэхьыхьыкIэ, дыдэрыр мазэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикIу Метревелл Пётр Василий и кIуэм Парламентым и Щыхъ тхылыр ешыным теухуауэ.

ЗэIущIэм кьощIэтэ IуэхуитхъыкIэхэр щIэныгъэ, щIэныгъэ, щIэныгъэ,

Іуэрыіуатэ - дыщэ пхъуантэ

ХьэщІэ бзаджэ

ЗЫ ГЪУЭГУРЫКІУЭ , пшапэр зэхэуати, бы Нэгей и кьуэ Лъэпщатъуэ ацІыхьэм дыхьащ:

- Мы унэм нэху сыкъыщекІынщ, - жери.

ПщэфІапІэм фыз къыщІэкІри, къыІущІащ.

- Фи унэ ныжэбз сивгъулъын? - жиІащ ГъэзугурыкІуэм.

- Бысымыр дэскъым, мэз кІуащ, и къэсыжьагъэ хъащ, унэм ихьи, пэплъэ, - къыжриІащ фызым. АпщІондэху сэ сифхъэпщэфІэнщ.

Бысымыр къэсыжащ.

- ХьэщІэ дийзщ, - жиІащ бысымым. – Тіум я зыращ унэм дилъ хъунур.

- АтІэ сэ силъынщ, - жиІащ хьэщІэм.

ХьэщІэм зэрыфІэмыкІынур КъыгурыІуащ бысымым. КъыгурыІуэри, ебзэджэкІын мурад ищІащ.

- Абы щыгъуэ, - жиІащ бысымым, - дыкъызыдэпкІэнщи, нэхъ жьыжьэ пкІэр унэм кьинэнщ.

- Хъунщ, - жиІащ хьэщІэм. - Уэ убысымщи, ябэ пкІэ.

ЖьантІэм дэуВэри, бысымыр пкІащ: бжэщхьэІум нэсакъым. ХьэщІэр пкІэри, бжэщхьэІум фІэкІащ.

- Унэр уэ къыплъысащ, - жиІащ бысымым. – Дышхэнщи, УгъуэлъыжьынщІ.

ХьэщІэмрэ бысымымрэ пщэфІапІэм кІуащ. Фызым Іэнэ къахуигъэуащ.

Іэнэм бгъэдэтІысхьа щхьэкІэ, бысымыр шхакъым: зэтІэу ердэкъэрт, тІысхьащ:

- МыкъымышхэІ сыкъэущ, шхын сщыкІуэркъым нобэ, - жери.

- Сэ сыгъэузгурыкІуэщ, сымэжэлІащ, - жиІащ хьэщІэм, фызым къахуигъэуа Іэнэр иухъэжщІащ, бысымым и гурыІупсыр къажэурэ.

ХьэщІэр шхэри, унэмкІэ игъэзэжащ.

- Мэз нэщІ щІэта жыхуаІэращ, шхын щхьэкІэ солІэ, быгуэр тхуэпщэфІ, - жриІащ бысымым унэгуащэм.

- Си хьэзырыр Іэнэм нытеслъхэри нэзгъэуват, хьэщІэм щхьэ удэмышхарэ? – игъэщІэгъуащ фызым. - Зэ-тІэу ухэІэбэри, щыбгъэтыжащ.

- Теурэзыр къыхукІуэ абы: сэ щызгъэтыжмэ, тэджыжьын си гуГъащ.

- Мэжаджэ пхуэзгъэжьынщ, - жиІащ фызым.

- Гъажьэ.

Фызым мэжаджэр яжьэ пщтырым щІихъуащ. Мэжаджэр мыжьэ щІыкІэ, хьэщІэр пщэфІапІэм къыщІыхьащ.

- Жейм уеэзгъыркъэ, ди хьэщІэ? – жиІащ бысымым.

- Зыгуэр сигу къэкІыжащи, сигъэжейркъым, - жиІащ хьэщІэм. - ЩІалэ зеинщиу си гъунэгъущ сэ. ЗэхэкІын хъури, зэшищым сраджащ:

«Ди мылъкур тхуэгъэш», - жари. Зы танэ, зы мэл, зы бжэн нІэти, яхуэзгъэшащ. Зэрызгъэшам арэзы техъуэкъым зэшхэр, зыр зым ефыгъуэкри, зэщцыхьэжащ. ЩыІэзэщцыхьэжьым: «ФызэрегуакІуэщ, сыкъеВджэн хуеякІыным, си унаФэм фыщІэ щемыцвэлІэнукІэ», - жысІэщ, яхуэзгъэшар зэхэстхъуэжри сакъыхэкІыжащ. Мис мыпхуэдэущ зэрызэхэстхъэжар, - жери хьэщІэм пэрыІэбэр кьищтэжщ, жьэгум дэтІысхьэри мэжаджэр зыхэлъ яжьэ пщтырыр зэхитхъащ. - Хуэфащэр есщІакъэ зэщищым?

Ар жери, хьэщІэр унэм ихьэжащ.

Аслъэн пщІыгъумэ

ДЭЗЫГЪАЩЭ ежьауэ губгъуэм здитым, Нэгей и къуэ Лъэпщатъуэ аслъэным Іуущ. Аслъэн домбейм щыІуплъэм, джэдум и псэр ІукІащ.

- Усыт лъэпкъ, дэнэ укъыкІа? - жиІащ Нэгей и къуэм, и гур кьыІэзрыгъуэтыжа нэужь.

- Щым и гъунэм сыкъыкІащ, - жиІащ аслъэным. - Гъэпщэкьуэр мэзым ди лъэпкъэгъу щІэсщ жаІэу зэхэсхырти, лъагъунлъагъу сыкъэжІуащ.

- УкъызыкІэтлъыкІуам урихьэлІащ, - жиІащ Нэгей и къуэ Лъэпщатъуэ. - Уэрэз сэрэ дызэрызэлъэпкъэгъуэ зэхэсхащ сэрэ.

- Уэ ЦыкІуэйеймрэ сэри? - игъэщІэтъуащ аслъэным. - Ди лъэпкъэгъуэм фэ нэхъ ятет си гугъати.

- СызэрыщыкІур умыгъэщІагъуэ, - жиІащ джэдум. - СыщІыкІу щхьэкІэ сыкъыкІуэтынукъым.

- Сыт уи лыгъэ? - къеупщащ аслъэныр.

- Лыгъэм щІэупщІэркъым, лыгъэр ягъэ унэку, - жиІащ Нэгей и къуэм. - Уи фІэщ мыхъумэ, уи нэгу щІэзгъэкІынщ. Сэ къыщымышынэрэ къысфІэмылыкІрэ щІэскъым мы мэзым.

Аслъэныр зыщІигъуэм, кьыпэувын мэзым зэрыщІэмысыр кьыгурыІуащ Нэгей и къуэ Лъэпщатъуэ. И гур кьызэрыгъэтыжьыпати, джэдум жиІащ:

- НакІуэ, си ужь кьиуви, мэзым дыщІыхьэнщ: мыщэри, кхъуэпащэри, дыгъужьри зэрызгъащтэр уэзгъэльагъунщ.

- НакІуэ, - жери аслъэныр Нэгей и къуэ Лъэпщатъуэ и ужь иуващ.

Аслъэнымрэ джэдумрэ мэзым щІэтурэ, мыщэгъуэ иритхьэлІащ.

- Мыщэжь! - джащ Нэгей и къуэ Лъэпщатъуэ. - Уэрэкъэ жьыхуэсІэр!

- Мыщэр гъэшхэм къыплъыІуплъэм, и цыр ущІэ.

- ХьэщІэ уиІэщ! - жиІащ Нэгей и къуэм. - Мы си гъуэгр щІым и, Іунэм къэзгъэкІар пщІэрэ? ЛЪагъунлъагъу къытхуэкІуащ.

- Уэзуэ! - жери гъуэм кьиІащ нэхъыщІэм и щхьэгъуэсэм.

Шынэхъыщ Іэр ежьащ, нэхъыжьитІым я тхыщІэм фэлыр дзэыха лЫм деж кІуащ:

- СыгъэлІыщІэ, - жери.

- УзгъэдІыщІэнщ, - къыжриІащ лЫм. - ЩІыр схуэбвэнщ, ЩІыр вэн быухыху, укъэтжакъкІэщІрэ угубжьмэ, уи щІыбым фэлъырищ дэсхынщ. Сэ сыгубжьмэ, уэри ар кьыхэпщІэнщ.

АбыкІэ зэгурыІуащ. ЛЫм зы выжь нІэти, выр игъэІуащ: «ЛЫщІэр вакІуэ согъакІуэ, хьэсэбэкъым удэмыгъэурэ гъэгубжь», - жери.

ЛЫщІэр вакІуэ кІуащ. Выжьыр хьэсэбэкъым дэзагъэр тэкъымы, тхъэмахуэ дэкІа нэужь, лЫщІэр губжьри, кхъуэхъэпщэр вым трикъутащ. «Ыхьы, угубжьа?» - жери лЫм лЫщІэм и тхыщІэм фэлырищ дихащ, лЫщІапщІи кьримыту кьрихужьжащ.

Зэшищым я нэхъыжьым кьиІъэзэжащ, зигъэшауэ пщІантІэм дыхьэжащ. ЩхьэгъубжэМ кьыдэплъри, курытым и щхьэгъуэсэм жиІащ:

- Уи шынэхъжьым зыгуэр кьехъулІа хуэдэщ, уэри уежьэрэ улЫщІэркъэ.

Курытри лЫщІакІуэ ежьащ, шынэхъыжьым и щІыбым фэлъырищ дэзыха лЫм деж Іуущ. Ардыдэр кьрихьэлІащ курытми. Тхъэмахуэнэхъхухьакъым абыи: губжьри, хьэсэбэкъэм дэмызагъэ выжьым кхъуэхъэпщэр трикъутащ. Курытри кьрихужьжащ лЫм, и щІыбым фэлъырищ дихри. Зигъэшауэ ари пщІантІэм кьиІэзрыдыхьэжар иЛъэгъуащ зэшхэм я нэхъыщІэм и щхьэгъуэсэм.

- Уи шынэхъжьитІми зыгуэр кьехъулІащ, уэри уежьэмэ, зыгуэр кхъухьІэнщ, - жиІащ нэхъыщІэм и щхьэгъуэсэм.

- Уа бгъэжь, - еджащ щІалэр, - ныпэдибэ шкІащІэ кьалъхуауэ сыкъежьащи, мыпхуэдэм дежь лЫати, мыр схужеІэ: «ШкІащІэр вхъуэмэ, кьегъэхуи, мобы пэщІэтщІэнщи, пхэгуэр кьуэм кьыдэкІынщи, ЛъэдапэзригъэнаУэ кьуэм дэт вжьыым зэхихащ ЛъщІэм бгъэм жриІар. «Кьуэм апщІондэху сыдэтмэ, сыдэлЫхьынІ!» - жиІащ вжьыым игъэІэ, кьеГрир гуркъуэм кьыдипащ, къэсыжри лЫм хуи-Іуэгъэщащ лЫщІэр кьыззэрдекІуэкІар.

«Мы емынэунэ хъуным сытеКІуэдэнщ, пІалъэр кьымыс щІыкІэ ІуэмыгъэкІыжмэ», - жиІащ лЫм. Кьыгуугр къэлъэтэжрэ къаджэмэ, арат я пІалъэри, «си лЫщІэм себзэджэкІынщ» жери лЫр жьгыщхьэм итІыхьащ, кІыгуугу макъ зищри къэджащ. ПхэІукъутэу пщІантІэм дэтти, «КІыгуугум» джыдэр ириутЫпщащ щІалэм:

- КІыгуугу къэльэтэжьІгъэ мыхъу щІыкІэ дэнэ укъыкІа! - жери. Джыдэм лЫм и нэр кьрихуащ.

- Саброкъ!, уанэ мыгъэр тезыльхьэн! - жери лЫр жьгым кьехъжащ.

- Джыдэр зэзутЫпщар уэракъым, кІыгуугуращ, - жиІащ щІалэм.

- КІыгуугу мыгъэр уэзгъэщІынщ! - жери лЫр губжьащ.

- ЫхьыІ, угубжьа? ЭдэхьлІар пщІэжьркъэ!

ЛЫм и щІыбым фэлъырищ дихщ, лЫщІапщІэр гум кьрилъхьэри, къежьэжащ щІалэр.

Лашын пелуаным токІуэ.

ХьэщІэ бзаджэ

ЗЫ ГЪУЭГУРЫКІУЭ , пшапэр зэхэуати, бы Нэгей и къуэ Лъэпщатъуэ дыхьащ:

- Мы унэм нэху сыкъыщекІынщ, - жери.

ПщэфІапІэм фыз къыщІэкІри, къыІущІащ.

- Фи унэ ныжэбз сивгъулъын? - жиІащ ГъэзугурыкІуэм.

- Бысымыр дэскъым, мэз кІуащ, и къэсыжьагъэ хъащ, унэм ихьи, пэплъэ, - къыжриІащ фызым. АпщІондэху сэ сифхъэпщэфІэнщ.

Бысымыр къэсыжащ.

- ХьэщІэ дийзщ, - жиІащ бысымым. – Тіум я зыращ унэм дилъ хъунур.

- АтІэ сэ силъынщ, - жиІащ хьэщІэм.

ХьэщІэм зэрыфІэмыкІынур КъыгурыІуащ бысымым. КъыгурыІуэри, ебзэджэкІын мурад ищІащ.

- Абы щыгъуэ, - жиІащ бысымым, - дыкъызыдэпкІэнщи, нэхъ жьыжьэ пкІэр унэм кьинэнщ.

- Хъунщ, - жиІащ хьэщІэм. - Уэ убысымщи, ябэ пкІэ.

ЖьантІэм дэуВэри, бысымыр пкІащ: бжэщхьэІум нэсакъым. ХьэщІэр пкІэри, бжэщхьэІум фІэкІащ.

- Унэр уэ къыплъысащ, - жиІащ бысымым. – Дышхэнщи, УгъуэлъыжьынщІ.

ХьэщІэмрэ бысымымрэ пщэфІапІэм кІуащ. Фызым Іэнэ къахуигъэуащ.

Іэнэм бгъэдэтІысхьа щхьэкІэ, бысымыр шхакъым: зэтІэу ердэкъэрт, тІысхьащ:

- МыкъымышхэІ сыкъэущ, шхын сщыкІуэркъым нобэ, - жери.

- Сэ сыгъэузгурыкІуэщ, сымэжэлІащ, - жиІащ хьэщІэм, фызым къахуигъэуа Іэнэр иухъэжщІащ, бысымым и гурыІупсыр къажэурэ.

ХьэщІэр шхэри, унэмкІэ игъэзэжащ.

- Мэз нэщІ щІэта жыхуаІэращ, шхын щхьэкІэ солІэ, быгуэр тхуэпщэфІ, - жриІащ бысымым унэгуащэм.

- Си хьэзырыр Іэнэм нытеслъхэри нэзгъэуват, хьэщІэм щхьэ удэмышхарэ? – игъэщІэгъуащ фызым. - Зэ-тІэу ухэІэбэри, щыбгъэтыжащ.

- Теурэзыр кьыхукІуэ абы: сэ щызгъэтыжмэ, тэджыжьын си гуГъащ.

- Мэжаджэ пхуэзгъэжьынщ, - жиІащ фызым.

- Гъажьэ.

Фызым мэжаджэр яжьэ пщтырым щІихъуащ. Мэжаджэр мыжьэ щІыкІэ, хьэщІэр пщэфІапІэм къыщІыхьащ.

- Жейм уеэзгъыркъэ, ди хьэщІэ? – жиІащ бысымым.

- Зыгуэр сигу къэкІыжащи, сигъэжейркъым, - жиІащ хьэщІэм. - ЩІалэ зеинщиу си гъунэгъущ сэ. ЗэхэкІын хъури, зэшищым сраджащ:

«Ди мылъкур тхуэгъэш», - жари. Зы танэ, зы мэл, зы бжэн нІэти, яхуэзгъэшащ. Зэрызгъэшам арэзы техъуэкъым зэшхэр, зыр зым ефыгъуэкри, зэщцыхьэжащ. ЩыІэзэщцыхьэжьым: «ФызэрегуакІуэщ, сыкъеВджэн хуеякІыным, си унаФэм фыщІэ щемыцвэлІэнукІэ», - жысІэщ, яхуэзгъэшар зэхэстхъуэжри сакъыхэкІыжащ. Мис мыпхуэдэущ зэрызэхэстхъэжар, - жери хьэщІэм пэрыІэбэр кьищтэжщ, жьэгум дэтІысхьэри мэжаджэр зыхэлъ яжьэ пщтырыр зэхитхъащ. - Хуэфащэр есщІакъэ зэщищым?

Ар жери, хьэщІэр унэм ихьэжащ.

- Хуэфащэр зращІа щІыпэмэ, сэращ зращІар, - жиІащ бысымым, хьэщІэр пщэфІапІэм икІыжа нэужь.

ЛЫщІэ

ЗЭШИЩ псэурти, я Іуэху щІагъуэтэкъым. «Мыр хъункъым, лЫщІакІуэ сежьэнщи, зыгуэр къэзгъэхэрычэтынщ», - жери зэшищым я нэхъыжьыр сжьащ. ЗыгъэлЫщІэм лЫхьэуэрэ, зыщІ ирихьэлІащ.

- Сэ узгъэлЫщІэнщ, - къыжриІащ лЫм. - ЩІыр схуэбвэнщ. ЩІыр вэн быухыху, укъэтжакъкІэщІрэ угубжьмэ, уи щІыбым фэлъырищ дэсхынщ. Сэ сыгубжьмэ, уэри ар кьыхэпщІэнщ.

АбыкІэ зэгурыІуащ. ЛЫм зы выжь нІэти, выр игъэІуащ: «ЛЫщІэр вакІуэ согъакІуэ, хьэсэбэкъым удэмыгъэурэ гъэгубжь», - жери.

ЛЫщІэр вакІуэ кІуащ. Выжьыр хьэсэбэкъым дэзагъэр тэкъымы, тхъэмахуэ дэкІа нэужь, лЫщІэр губжьри, кхъуэхъэпщэр вым трикъутащ. «Ыхьы, угубжьа?» - жери лЫм лЫщІэм и тхыщІэм фэлъырищ дихащ, лЫщІапщІи кьримыту кьрихужьжащ.

Зэшищым я нэхъыжьым кьиІъэзэжащ, зигъэшауэ пщІантІэм дыхьэжащ. ЩхьэгъубжэМ кьыдэплъри, курытым и щхьэгъуэсэм жиІащ:

- Уи шынэхъжьым зыгуэр кьехъулІа хуэдэщ, уэри уежьэрэ улЫщІэркъэ.

Курытри лЫщІакІуэ ежьащ, шынэхъыжьым и щІыбым фэлъырищ дэзыха лЫм деж Іуущ. Ардыдэр кьрихьэлІащ курытми. Тхъэмахуэнэхъхухьакъым абыи: губжьри, хьэсэбэкъэм дэмызагъэ выжьым кхъуэхъэпщэр трикъутащ. Курытри кьрихужьжащ лЫм, и щІыбым фэлъырищ дихри. Зигъэшауэ ари пщІантІэм кьиІэзрыдыхьэжар иЛъэгъуащ зэшхэм я нэхъыщІэм и щхьэгъуэсэм.

- Уи шынэхъжьитІми зыгуэр кьехъулІащ, уэри уежьэмэ, зыгуэр кхъухьІэнщ, - жиІащ нэхъыщІэм и щхьэгъуэсэм.

Шынэхъыщ Іэр ежьащ, нэхъыжьитІым я тхыщІэм фэлыр дзэыха лЫм деж кІуащ:

- СыгъэлІыщІэ, - жери.

- УзгъэдІыщІэнщ, - къыжриІащ лЫм. - ЩІыр схуэбвэнщ, гъавэр кьепхьэлІэжьынщ. КІыгуугур кьэджэхэу уи пІалъэщи, апщІондэху угубжьмэ, уи тхыщІэм фэлъырищ дэхьынщ, сэ сыгубжьмэ, аращ кьызэпщІэнур.

ЛЫщІэм ар кьрихуьлІэри, езым выжьыр игъэІуащ.

ЩІалэр вакІуэ дэкІащ. Выжьыр хьэсэбэкъым дэмызагъэ щхьэгъуэсэм жиІащ:

- Уешэ, удыхьэжьинкъэ: сэ сыздэпІащІэ щІэкъым. - ТІыкъри щысащ, выжьыр хьэсэбэкъым дэувэжьх: выи хуэгубжьакъым, еуакъым.

ЛЫщІэр кьызэрыхэумытыбжьар лЫм жриІэжащ вижьым. «Абы щагъуэ пщэдей мэз згъэкІуэнщ. ПхъэгурКьрилъхьэрэ фыкъежьэжмэ, кьуэм укьыхудэмыкІыурэ гъэгубжь», - игъэІущащ лЫм вижьыр. ПщэдджьжьыМ:

- Нобэ мэз кІуэн, зы пхъэгъкъашэ, - жриІащ лЫм и лЫщІэм.

ЩІалэр мэз кІуащ, пхъэгъкъашэм, кІыгуугуращ, - жиІащ щІалэм.

- КІыгуугу мыгъэр уэзгъэщІынщ! - жери лЫр губжьащ.

- ЫхьыІ, угубжьа? ЭдэхьлІар пщІэжьркъэ!

ЛЫм и щІыбым фэлъырищ дихщ, лЫщІапщІэр гум кьрилъхьэри, къежьэжащ щІалэр.



Нысашэ. ЗыщІар Дыгъужь Мыхьмудщ. 1979 гъэ.

Хьуэжэ и хъыбархэр

МЭЗ КЪИКЫЦКРЭ пэт, Хьуэжэ зыІ кьрихьэлІащ.

- Дэнэ ущыІа, Хьуэжэ? - кьеупщІащ лЫр.

- Мэшыс сыщцыІащ, хухъуэ кьызошэ, - жиІащ Хьуэжэ.

- АтІэ уи гум итыр пхъэи, мэз ущыІа хъунщ, - жиІащ лЫм.

- Си гум итыр мэз сызэрыщыІари щыпщІэкІэ, емынэм узэрихуэрэ, щхьэ укъызэупщІрэ? - жери блэкІащ Хьуэжэ.

* * *

ЗыІ кьакІуэри, Хьуэжэ щІыхуэ Іихащ:

- Згъэгъэнкъым, уэстыжынщ, - жери.

- ЗгъэгъэнкъымІ къыжриІа щхьэкІэ, кІыхьлІыхь ищІащ лЫм. Хьуэжэ «си щІыхуэр» жери кІэлъокІуэ, кІэлъыкІуэжу, лЫм зегъэпщкІури, зыкъригъэгъэтыркъым.

ЩІыхуэ зытелъ лЫм къыкІэлъыкІуэри ешри, Хьуэжэ кхъэм дыхьащ, кхъэм дэтІысхьэри жиІащ:

- Дэнэ зыщыбгъэпщкІуми, кхъэм уфІэкІын: гува-щІэхами, мыбы укъахьынкъэ!

* * *

- ЩІэрыкІуэ згъажьэу сепщІыхьащ, сытым хуэпхь хъуну: фы хьэмэ Іей? - жери Хьуэжэ Іэзэм деж кІуащ.

- Ар бжесІэн щхьэкІэ, джэдум фІыщІэ сыхуэей хъунущи, уи пщІантІэм дэт джэдым щыщ зы укІи, къысхуэкъ, арыншауэ с хуэхэгъэкІынукъым уи пщІыхьэпІэр, - къыжриІащ Іэзэм.

Хьуэжэ и щхьэм щІэтІэхуащ:

- Си пщІантІэм джэдэ дэтэмэ, щІэрыкІуэ згъажьэрэт, - щІэрыкІуэ згъажьэу сепщІыхьащ, сытым хуэпхь хъуну: фы хьэмэ Іей? - жери Хьуэжэ Іэзэм деж кІуащ.

- Ар бжесІэн щхьэкІэ, джэдум фІыщІэ сыхуэей хъунущи, уи пщІантІэм дэт джэдым щыщ зы укІи, къысхуэкъ, арыншауэ с хуэхэгъэкІынукъым уи пщІыхьэпІэр, - къыжриІащ Іэзэм.

Хьуэжэ и щхьэм щІэтІэхуащ:

- Си пщІантІэм джэдэ дэтэмэ, щІэрыкІуэ згъажьэрэт,

Гъэргуэныжь

НАРТХЭ зэхьхьауэ я хасэт. Згъгъэджапхъэм ирагъаджэри, щІэупщІащ:

- Хэт къэт? Хэт демыджарэ? - жари.

- Гъэргуэныжь къэтщ. Гъэргуэныжь деджакъым, - жиІащ я щхьэгъэрыстым.

- Гъэргуэныжьыб демыджауэ дауэ хъун? - жиІащ нарт тхъэмадэм. - Феджэ.

Гъэргуэныжь нартхэр я кхъуахъуэт.

Зы щІалэ ягъэкІуащ Гъэргуэныжьыб деж.

- Хасэм ущыІа, Гъэргуэныжь, - жиІащ щІалэм.

- СынэкІуэнт, кхъуахъуэ блэкІ сиІатэмэ, - къыжриІащ Гъэргуэныжь.

- Сэ сыпхуэхъунщ кхъуахъуэ блэкІ, - жиІащ щІалэм. - Сэ сыкъыпэрынэ.

- Си кхъуэ хъущэм я бжыгъэр къызжеПЭмэ, ухъунщ, - къыжриІащ. - Гъэргуэныжь. - КъуэПащтыр бгъу мэхъу, кхъуэныжьыр пщІы, кІэ задэр пщыкІуэ, мыхъумыфэр пщыкІуий, кхъуэбзыр щэщІ, кхъуэбз къэси щэщІщэщІ ящІэщ - дапщэ хъурэ си хъущІэ.

КьиІьлытэщ-нилъытэри, кхъуэм и бжыгъэр кьыхуэщІакъым щІалэм.

- Уэ кхъуахъуэ блэкІ дауэ жиІэр я гуанэ? ПІэрыкІынкъэ я хьэлъ. ХьэгъэлъкІыгъэр яуплъэ Бланэм хуэдэ. - ЩІалэм хуэдэ. - ЩІалэм хуэдэ. - ЩІал

● Щіалэгъуалэ зэчиифІэ

Балэ Марьянэ и лъагапІэхэр

**Махуэ псом зэхэуфауэ щыта дунейми и «напІэр нІэтыжат». Балэхэ я гуфІэгъуэ пшыхьым зыдиш хуэдэ. Кэнжэдэхэр Щэнхабзэмкі унэм щыізхуэхуэрт Балэхэ къуэкІа пшанэр щагъэтъэпІэну пшыхьыр даІэтыну. УнэцІэр зэрызэІуахрэ ильэс мыхъуэ пэтми, ныщхьбэрей гуфІэгъуэ зэІущІэр ешанэрейуэ Балэ лъэпкъым щыдаІыгът щэнхабзэм и дэжьа-кІуэхэм. Яхэтэ нэмысым, щэн дахэм, Іэдэбагъым удихьыну, я дэжьыгъэм псэкІэ зэрыбгъэдэтыр я нэгу кьиину, библиотекэм и унафэщІ Бэрэчъуэ Жанна, а ІуэхущапІэм и ІэдакІуэхэу Къэзанш Іае, Ян Ирина, макъамэ композицэр екІуу гъэзувыныр зи щэрыдгъ Мамий Аслъан. Уэ жьакъуэ Зарем сымэ хьэщІэхэр нрагъэблагъэрт Балэ Марьянэ и «Къуэныпі-пІэм и ритм» («Ритм Востока») гъэлъэгъуэныгъэм.

ПШЫХЬЫР щыщІидзэм, макъамэ щабэм щІэту утыкум кІиньащ модельер ныбжьыщІэ Балэ Марьянэ, и ІэдакъэщІэкі щыгъыні дахэкэр зыгъэлъагъуэ пщащэ зэкІуэкхэр щыгъуэ.

Зэрысабийрэ зэн-бзэншэн дихьэх хъыджэбз цыкІэр курыт еджапІэр кІиуха нэужь, щІэтІысхьащ Дизайным и колледжу Налшык дэтым. Еджэным кьыщыдэхуэм деж Марьянэ идырт идыярей щыгъын екІуэр. Зэдеджэгъ щызэпрагъэуэкІэ, Марьянэ и ІэдакъэщІэкі Іэр куэдым ягу ирихьыт. Пщащэм и зэфІэкІым тепсэлыхьащ «Горянка» газетыр, «Территория гор» журналыр.

2008 гъэм Налшык щекІуэкІащ Щіалэгъуалэ зэчиифІэхэм я республикІэпсо зэпеуэ. Ар Къаночкъуэ ФатІимэ и нэІэ щІэту кьыззэрагъэпэщат КъБР-м ЩІалэгъуалэ Іуэхуэкмкі и къэрал комитетым, КъБКъУ-м «Іуэху зыщІэ Урысей» и жылагъуэ зэгуэхьэныгъэм, «Мадина Саралы» салоным. Зэхьэзэхуэм зэрыщытекІуамкІэ дипломымрэ саугъэт нэхъыщхьэмрэ абы щыгъуэ зыхуагъэфэщар Марьянэт. Колледжыр екъуІэнысгъэкІэ кІиуха нэужь, Марьянэ нэ КъБКъУ-м Іэрыщі Іэгуэзджэмкі и факультетым щІэтІысхьауэ, абы и зэфІэкІым щых егъахъуэ.

ГуфІэгъуэм къратгъэблэгъат Балэр щеджэ факультетым и деканым и къуэдзэ, профессор, КъБР-м щыхь зиІэ и курэтыщІ Мэлбахьэ Борис.

- Балэ Марьянэ и ныбжькІэ щІалэмэ, куэд зыхуэзфІэкІа пщащэш, - жиІащ Мэлбахьэм. - Студент нэхъыфІ дыдэу иджыпсту дпІэри аращ. Марьянэ и лэжьыгъэ хэр утыку куэдым щагъэлъэгъуащ, щытхъуэ иІэщ. Балэм куэдІэ дыщІогуть, екъуІэныгъэ, текІуэныгъэ инхэр иІэну ди гуапэщ.

Иджыблагъэ Мейкъуапэ щекІуэкІащ къэралым и дизайн модельер ныбжьыщІэхэм я зэпеуэ, Абы хэтащ Адыгэ Республикэм, Краснодар краим, Пермь областым, Уралым кьыкІа щІалэгъуалэ зэчиифІэхэр. Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зэпеуэм ягъэкІуат Балэр. Марьянэ абы щигъэльэгъуащ «Ритм Востока» зыбжанэ и ІэдакІуэ щыта щІалэ и лэжьыгъэ кьыхэхахэр икІи адыгэ пшащэм и ІэдакъэщІэкІэр гулъытэншэ ящыкъуэм. Абы З-нэ щІэтІысхьащ, дипломрэ саугъэт зэпІэрэ кратащ. Апхуэдизу Краснодар кьалэм щызэхэта «Русский силуэт» зэпеуэм, Михалковэ Татьянэ и нэІэ щІэту екІуэкІам, Марьянэ хабжащ къэралым и модельер ныбжьыщІэ нэхьыфІи 10-м.

Абыхэмэ пщащэм и нэгъэсащ ежьыІэнысгъэкІэ щэщІауэ щытепсэльыхьащ гуфІэгъуэ зэІущІэм. Абы щыхуэ куэд кьыщыпсэльащ. Ахэр Балэ Марьянэрэ абы и адэ-анэмрэ гуапэу екъэхъуащ зи Іэпэм дыщэ кьыпыщ бзыльхугъэ щыкІуэм и зэфІэкІхэм адэжи хигъэхъуэну, и текІуэныгъэщхэмкІэ лъэпкъри, республикэри, жьыдари куэдрэ ягъэгъуІэну. Кьуажэ администрацэм и унафэщІ Пшынокъуэ Олегрэ мэкъумэш Іуэхущапіэм и тхьэмадэ Къэзанш Альбертрэ Марьянэ ахъшэ саугъэткІэ хуэпсащ.

ХьэфІыщІэ Роза,
Къэнжэ къуажэ.

ЗА УЭМ щытепсэльыхькІэ е щытетхъыхькІэ, псалъэ хэІэтыкІахэмрэ пльыфэщІэхэмкІэ - гуащІэ, мафІэ, лъыгъаю, гуІэгьуэ, нэгъуэщІхэмкІэ - щІагъэтхэ.

«Зауэр» апхуэдизкІэ лейм хуэныкъуэкъым, езы псалъэ шынагъуэм псори кьокІ. Зауэм хэтахэм, абы и жьы щІыІэр зэщІихуэхэм фІыуэ ящІэж ар зэщІысхэр. НэхъыкІэжьраци, зауэм кьихь насыпышагъэр нэхъыбзэу зыльысыр сабийхэмрэ жьыкІэфэкІэхэмрэщ. Сэри зи сабийгъуэр зауэ Іугъуэм щІиуфахэм сащыщ щыщи, арагъэнщ абыхэм нэхъ сыкъыщІагъэдэщхьэ.

Сэ схуэдэ куэд адэжшэу къзыгъэна Хэку зауэшхуэр, фэбжь кьыхэтхами, псэууэ дыкъыІэзлар, щытщхьэщыкІам, хэт и гуГъэнт си жьыщ-хэ иджыри зэ апхуэдэ гужьеигъуэ сыхэхуэжьыну! НтІани уи натІэм кьиртхам уфІэкІын? Журналист лъагъуэ быркъуэшыркъуэм Абхазэ-Курджы зауэм сыхуишащ. Абы и Іугъуэ дыджьр мы си джийм иджыри тельт, Шэшэн зауэм сыкъыщышыхутам. Аращ фи пащхьэм ислъхьэ хьыбарыр кьызыхэкІар.

Мыр кьыщыхьуар 1993 гъэм и кІэхэрщ, ильэсыщэр Грозным щагъэжьа я мураду, танкэр Шэрэнышм кьышиугъжьагъащ. Абы щыгъуэ танкыр кьалэм кьыдыхьар, кьанэ щымыІэу, зэгърагъэсхьауэ щытащ. Сэри а лъэхъэнэм абы щекІуэкІым щыгъуазэ зыхуэсщІыну сыкІуаэр срихьэлат.

Щэи, жьыи, мэкъумэшыщи, зауэлІи, кьуІыкъущи, тхакІуи, журналисту щыІэхэри, кІуэракъэ, зи лъэ вакъэ изылъ хьэр кьыщыІэ хуэсу, радиори, телевизоррри, нэгъуэщІ СМИ гуэри здащымыІэ хэкум кьыщыхьэ у, кьыщыщІэ псоми щыгъэ уаэз ущащІу, зы ут щІэрыІуэ «Минуткэщэ» еджэу щыІэщ Грозным.

ХьумпІащэмкьи хуэдэу щыхэр щыІэзэрыхьэ э утыр, гъэщІэгъуэнракъэ, бэзэрым хуэдэу зэщІэвэрт экьым, лагъым, топшэхэр кьыщыІуэкІэ зэбгрыкрэ щІым зыхадэ у, ар зэрыІэпІууэ укІыгъэхэр, уІэгъэ хэр Іуащрэ зэхэувэ жь, щымы Іэ зэт. Іуиейр, бифэ-гъуагъэ ушэ хуэдэу зэтричу, БТР-х зр кьащыхэльадэкІэ, зэлъыІукІыутрт, зыгуэрхэр кьыкІырт, кьрахьр т, Іэщэкіэ зэщІэуэда щІалэ Іэмпьэчхэр итІыхьэрти, бзэкьыкір т.

Джэдуэхэр унэхьэхэри щыху здащыІэм макІуэ. Сабий зеиншэм нохэзэрыхьыжьажэу, абыхэ эмэ я щхьэ зэрахьэрт.

Машинэщхэу гуэрхэр кьащыхэльадэхэ, псори абы ежэрти, псы кьиуам щІигъэмбрыуа жьыг ІэдэхэкІ эжьмэ хуэдэу, щІакхьуэ кьахэхэрдэ щІалитІым ФІэкІа кьыщІэмыщыжьу «кьумпІэщІэжьыр» зэуІуэжьт.

Мо щІалэ жьакІэ фІыщІитІым кьраутІыпщкІ щІакхьуэр, щІым кьэмысу, кьапхъуэтэрт. Адэкіэ абы пэмыжьыжьу кьыІухьа машинэми былымыл гъэна Іыхьэшхуэхэр кьрадзырт. Сэри сыпІыщІар кІи сыжэкІэрэ, а уэ зэрыІэзехьэм сыхэмыхьэфу сыздэщыщытым, зыгуэр хуэму си Іэщхьэм кьоІуСэри, сыкьепльэкІмэ, зы щІалэ нэфІыщІ цыкІу, сэлэт камуфляжым и Іэщхьэлъащхьэхэр хущІаджами, щылэлу, и бгыпрлх хуэмыкъури мыжкурэшхуэм иритэхэр щІкІырІалу. Калашниковым укъуеями и пэр щІым хэуэу и плІэм ильу, щІакхъуэ ныкъуэрэ зы тхъы ІупщІэшхуэрэ кьыхэтІыса сабийм и пащхьэм итт.

Апхуэдэу зы ъалафІэ щотрти танкым и топыпэ шияр хуэмурэ ирихьэхьэж, бащэмэ щыбгъкІэ зегьаэ. Люкьр тІэкІу дамэ дазэ мэхьу, токІуэтыпэри, автомат лъэдакъэр кьрагъэж, абы и уэкъ ину танкистым и пыІэ фІыщІ нэгушникым и кІапсэкэр кьыззэлэхьым зыкьеІэт. Калашниковым и пэр егъэзэхьауэ Іэщізльу, зи нэкІуэр зэхэщІа урыс щІалэ сырыкушхэр, и ІитІыр Іэтауэ, «сэ сыуигъэрщ» жьхуІэу и Іэщэр егъэтІылъри, Саид и пащхьэм кьоувэ. «Дыгъужь шырри» Іуокіуэтри, Іэщэр ирехьэхьак.

Танкистыр кьэгуэщІау э сабийм и нэпсхэр хуІупльэжьину щыІэбэм, елэн щтам хуэдэу зыІуекІэ. Урыс щІалэр нэхьри кьэгуэщІауэ, и лъэкъуэхэм ямыІыгъжьу Саид и пащхьэм хуэмурэ лъэгуажьэкьаужу щощІэтэж. И нэмыс сабэр пщІэнтІэпсымрэ нэпсымрэ зэхэлъэдзкІауэ сэлэтым и ІэштымышхуитІымкІэ зэхецлэрри, и щхьэр кьыхуэмыІэту щысу. Саид, и пащхьэм кьыІтысхьа щІалэшхуэм и эрран кьызэрремыкІынум гу щыльтэм, кьыбгъэдыхьауэ йодэхащІэ. Танкистым щІалэ щыкІэр кьипхъуэтэри кьызэфІэувэжауэ, танкым кьыкІауэ зэхэт щІалэхэм яхохьэж.

Абдежым лъэныкъуитІым зэхэуэнкІэ зэпагъэури, абы-хэм кьеплъу быдапІэм хуэсахэри и гъусэу Хьызыр кьабгъэдохьэри сэлам зэІэпах. Абдежым кьыщыІэ хэсахэр куэд щыхьум, Хьызыр танкым и люк техам йопщхьэри моторыр егъэункІыфІ, и щыгум кьытоувэжри, и бзэмкІэ щхьэр ирегьэзэхри, яжьэр башыпэкІэ зэІущІэу зы тэлайкІэ щос, - Мы Саид зэрыхьуар, абы хуэзфІэкІыр ильэгъуатэмэ, а насыпышэм... ПІэльэшІэ пщыхьщІхьэм уфІэ ис тепсэльыхьащ. Абы дигъэльэгъуа телъыджэр, нобэми яхуэІуэтэжырыкІэм.

Саид и закъуэ блиндажым кьыщІэдэщи, и пэр кьыщІимышинэмыну быдэу и тхъэкІуэмэр тІуантІэри, дэ танкэм дапэуныну позицэм дыкІуащ. Куэд дэмыкІыу щхьэхуэ кьакІуэ. Аннинскэ кьыщІэтІуэрыІауэ дольагъ. КьыщІэ увыІари кьэзыгъэувыІари тщІэрыкьым. НэрпыпІэр зыІуэдзэрэ, сыпІыщІащ, си Тхьэшх уэ, сыт мы сльагъур?! СыкъэуІэбжьри, си псэр ІукІащи, псалъэ схужьмыІэжу си сІим сижьхьауэ з сыщІитщ. Саид гранэхэметыр и дамэм триубыдэжауэ е уэну зегъэхъэзыр. Іанк абрагъуэм кІуапІи зыгъэзапІи кьысщІохьу мыбы зыщІыщысІплъыхькІэ. Уи хэку уисыжрэ пщэдджыжьыпэм бзухэм я бзэрабзэ кьыхьэм ухьащІэу ящІэжьу ящІэ. Ауэ ар зыщІысыр. НэхьыкІэжьраци, зауэм кьихь насыпышагъэр нэхъыбзэу зыльысыр сабийхэмрэ жьыкІэфэкІэхэмрэщ. Сэри си сабийгъуэр зауэ Іугъуэм щІиуфахэм сащыщ щыщи, арагъэнщ абыхэм нэхъ сыкъыщІагъэдэщхьэ.

Сэ схуэдэ куэд адэжшэу къзыгъэна Хэку зауэшхуэр, фэбжь кьыхэтхами, псэууэ дыкъыІэзлар, щытщхьэщыкІам, хэт и гуГъэнт си жьыщ-хэ иджыри зэ апхуэдэ гужьеигъуэ сыхэхуэжьыну! НтІани уи натІэм кьиртхам уфІэкІын? Журналист лъагъуэ быркъуэшыркъуэм Абхазэ-Курджы зауэм сыхуишащ. Абы щыгъуэ танкыр кьалэм кьыдыхьар, кьанэ щымыІэу, зэгърагъэсхьауэ щытащ. Сэри а лъэхъэнэм абы щекІуэкІым щыгъуазэ зыхуэсщІыну сыкІуаэр срихьэлат.

Щэи, жьыи, мэкъумэшыщи, зауэлІи, кьуІыкъущи, тхакІуи, журналисту щыІэхэри, кІуэракъэ, зи лъэ вакъэ изылъ хьэр кьыщыІэ хуэсу, радиори, телевизоррри, нэгъуэщІ СМИ гуэри здащымыІэ хэкум кьыщыхьэ у, кьыщыщІэ псоми щыгъэ уаэз ущащІу, зы ут щІэрыІуэ «Минуткэщэ» еджэу щыІэщ Грозным.

ХьумпІащэмкьи хуэдэу щыхэр щыІэзэрыхьэ э утыр, гъэщІэгъуэнракъэ, бэзэрым хуэдэу зэщІэвэрт экьым, лагъым, топшэхэр кьыщыІуэкІэ зэбгрыкрэ щІым зыхадэ у, ар зэрыІэпІууэ укІыгъэхэр, уІэгъэ хэр Іуащрэ зэхэувэ жь, щымы Іэ зэт. Іуиейр, бифэ-гъуагъэ ушэ хуэдэу зэтричу, БТР-х зр кьащыхэльадэкІэ, зэлъыІукІыутрт, зыгуэрхэр кьыкІырт, кьрахьр т, Іэщэкіэ зэщІэуэда щІалэ Іэмпьэчхэр итІыхьэрти, бзэкьыкір т.

Джэдуэхэр унэхьэхэри щыху здащыІэм макІуэ. Сабий зеиншэм нохэзэрыхьыжьажэу, абыхэ эмэ я щхьэ зэрахьэрт.

Машинэщхэу гуэрхэр кьащыхэльадэхэ, псори абы ежэрти, псы кьиуам щІигъэмбрыуа жьыг ІэдэхэкІ эжьмэ хуэдэу, щІакхьуэ кьахэхэрдэ щІалитІым ФІэкІа кьыщІэмыщыжьу «кьумпІэщІэжьыр» зэуІуэжьт.

Мо щІалэ жьакІэ фІыщІитІым кьрауТІыпщкІ щІакхьуэр, щІым кьэмысу, кьапхъуэтэрт. Адэкіэ абы пэмыжьыжьу кьыІухьа машинэми былымыл гъэна Іыхьэшхуэхэр кьрадзырт. Сэри сыпІыщІар кІи сыжэкІэрэ, а уэ зэрыІэзехьэм сыхэмыхьэфу сыздэщытым, зыгуэр хуэму си Іэщхьэм кьоІуСэри, сыкьепльэкІмэ, зы щІалэ нэфІыщІ цыкІу, сэлэт камуфляжым и Іэщхьэлъащхьэхэр хущІаджами, щылэлу, и бгыпрлх хуэмыкъури мыжкурэшхуэм иритэхэр кІырІалу. Калашниковым и пэр щІым хэуэу и плІэм ильу, щІакхъуэ ныкъуэрэ зы тхъы ІупщІэшхуэрэ кьыхэтІыса сабийм и пащхьэм итт.

Апхуэдэу зы ъалафІэ щотрти танкым и топыпэ шияр хуэмурэ ирихьэхьак, бащэмэ щыбгъкІэ зегьаэ. Люкьр тІэкІу дамэ дазэ мэхьу, токІуэтыпэри, автомат лъэдакъэр кьрагъэж, абы и уэкъ ину танкистым и пыІэ фІыщІ нэгушникым и кІапсэкэр кьыззэлэхьым зыкьеІэт. Калашниковым и пэр егъэзэхьауэ Іэщізльу, зи нэкІуэр зэхэщІа урыс щІалэ сырыкушхэр, и ІитІыр Іэтауэ, «сэ сыуигъэрщ» жьхуІэу и Іэщэр егъэтІылъри, Саид и пащхьэм кьоувэ. «Дыгъужь шырри» Іуокіуэтри, Іэщэр ирехьэхьак.

Танкистыр кьэгуэщІау э сабийм и нэпсхэр хуІупльэжьину щыІэбэм, елэн щтам хуэдэу зыІуекІэ. Урыс щІалэр нэхьри кьэгуэщІауэ, и лъэкъуэхэм ямыІыгъжьу Саид и пащхьэм хуэмурэ лъэгуажьэкьаужу щощІэтэж. И нэмыс сабэр пщІэнтІэпсымрэ нэпсымрэ зэхэлъэдзкІауэ сэлэтым и ІэштымышхуитІымкІэ зэхецлэрри, и щхьэр кьыхуэмыІэту щысу. Саид, и пащхьэм кьыІтысхьа щІалэшхуэм и эрран кьызэрремыкІынум гу щыльтэм, кьыбгъэдыхьауэ йодэхащІэ. Танкистым щІалэ щыкІэр кьипхъуэтэри кьызэфІэувэжауэ, танкым кьыкІауэ зэхэт щІалэхэм яхохьэж.

Абдежым лъэныкъуитІым зэхэуэнкІэ зэпагъэури, абы-хэм кьеплъу быдапІэм хуэсахэри и гъусэу Хьызыр кьабгъэдохьэри сэлам зэІэпах. Абдежым кьыщыІэ хэсахэр куэд щыхьум, Хьызыр танкым и люк техам йопщхьэри моторыр егъэункІыфІ, и щыгум кьытоувэжри, и бзэмкІэ щхьэр ирегьэзэхри, яжьэр башыпэкІэ зэІущІэу щхьэкІэ, урысыбзэ зыкъещІыжри: «Ни нам, ни русским не нужна эта война! Да наказит Аллах тех, кто её развязал! Если Русско-Кавказская война не стала уроком для них, хотя бы прочли небольшую книжку Льва Николаевича Толстого «Хаджи-Мурат», тогда, быть мо жет, и не случилась бы это беда, и не пришлось бы делить людей на своих и на чужих, на «волков» и «Болгодавов».

Ар дэри щІымыгъупщамэ арат.

ГЪУКІЭЛІ Исуф.

«Дыгъужь шыр»

Хъыбар

Наполеон Бонапарт адыгэ мамлюкхэм Каир щрагъэщІа быдапІэшхуэм щІохь.
Сурэтыр **ЛЕВИН Генри** *ищІащ. 1801 гъэ, Париж, Лувр.*

Зэкъуэтыныгъэм къыхуезыджэ фестиваль

«Гу къабзэ», «Едлаиз континент» щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм идкьыбдагъэ ирагъэкІуэкІащ КъБР-м ис лъэпкъхэр мамырыгъэм, зэгурыІуэм кьыхуезыджэ уэрэдхэм я фестиваль. Ар щызэхэтащ Налшык дэт 24-нэ курыт еджапІэм.

АБы ныбжьыщІэ куэд кьыхьыхат. Зэпеуэм и япэ ІыхьэмкІэ нэхъыфІу кьыщІалъыта уэрэдхэр кьыкІэлъыкІуэ Іыхьэм ягъэкІуащ.

Фестивалым хэтахэм утыку кьрахьащ езыхэм я кьыхьэ уэрэдыщІэхэр, цІыхубэм фІыуэ ялъытауахэри. НэхъыфІу кьалъытахэм ящыщщ Кавказ Ищхьэрэм Гъуаздджэхэмкі и къэрал институтым и студент Жакъуэ Замир игъэззэщІа «Дызэкъуэшщ дэ псори» уэрэдыр. Ар зи гум, зи псэм дэмыхьа фестивалым зэтакъым. Зэпеуэр щекІуэкІа еджапІэм и гупми фІы дыдэу загъэхьэзырат, абыхэм я уэрэдми якюрим псалъэ гуапэ хужиІащ.

Фестивалым нэхъыфІу кьыщалъыта уэрэдхэм я клип трагъэхьнущ икІи радиокІи кьрагъэтынущ. А псом кьищынэмыщІауэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхуГъуэм еджакІуэ ныбжьыщІэхэм, зэкъуэтыныгъэм, зэкъуэтыныгъэм къыхуезыджэ уэсэ, рассказ, очерк тхынымкІэ. Зэпеуэм хэтхэм я тхыгъэхэр фокІадзм и І хьуху кьыІахьнущ.

«Гу къабзэ» щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и пашэ Къарэ Ратмир щыгъуазэ дыззэрищІамкІэ, апхуэдэ зэпеуэхэм мыхьэнэ ящыІыкІэ я нэгъэщІэ ныбжьыщІэхэм лъэпкъ зэхэтэжьажьмыщІу щІэхэм лъкІэ зэхэтэжьажьмыщІу къэтэхъунымкІэ.

ДЖЫЛАХЪСТЭН ТутІэ.

● Гъуаздджэ

Зи макъыр жыжьэ Іуа

Санкт-Петербург щекІуэкІа «Бо-на-мп» зэпеуэм еІуанэ увыпІэр кьыщыхьащ (Зэкъэн куейм хьыкъ Анзорей къуажэм щыщ уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэ Насыт Астемыр. Абы ящэкІи деж щекІуэкІа ашхуэдэ зэпеуэм щытекІуауэ щытащ Астемыр.

АСТЕМЫР кьыззэрыджиІаныкІэ, Налшык дэт, гъуаздджэм щыхурагъаджэ сабий школым иІуэсэтху хъуаэу кьокІуэ. Ар илъэс зыбжанэ хъуаэу егъаСэ Шэрэлокъу Маринэ. Артистэ ныбжьыщІэм зэрыжиІамкІэ, зэпеуэхэм куэд кьыщыбгощІ, утыку итхьмкІи и щхьхэм щыгъуаэу уохъу, куэди ныбжьыгъу кьыщыпхъу.

- Иджыблагъэ сызэдыщІа зэпеуэм щыху куэд хэтащ. Абыхэм ящыщт Абхьазым, Ингушым, Адыгеим, нэгъэущІ щІынаІъэхэм кьынкІа уэрэджыІакІуэ ныб.жьыщІэхэри. Мыпхуэдэ зэпеуэ хэм ухэпын кьудейри куэд и уасэщ - абы-хэм уи Іэзагъэм хэбгъэхъауэ, зэхьэзэхуэ нэхъыбэм ухэтыным утрагъэгушхуэу укъохьІуэж, - жеІэ Насыпым. Зи макъыр, зэрэд жьыІэкІэ ухуэдым ягу ирихьа ди хэкуэгъу ныбжьыщІэм ЩІыхь тхылъэ медалрэ кьыхуагъэфэщащ.

ДЖЫЛАХЪСТЭН ТутІэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Іулъхьэ къыІахьыу яубыдащ

Коррупцэм е6эныныкІэ лъэпкъ плащым, УФ-м и Президентым нэгъабэ баддзэуэгъуэм и 31-м Іэ зыщІидзам, ипкъ иткІэ, УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыщэмрэ КъБР-мкІэ МВД-м и ОСБ-мрэ республикэм и хабзэхъуэм органхэм хъулыкъу щызыІыгъыхэр Іулъхьэ кьыщыІахьэ убыдыным техуэ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІащ.

ГЪУЭГУМ зэрыщыізекІуэ хабзэр кьызэрыззэпыдащ щхьэкІэ КъБР-м щыщ цІыхум ахьшэ кьыІІэщІэзыгъэкІыну зэгуэкІуэ КъБР-мкІэ МВД-м и УГИБДД-м и официрит1 2009 гъэм накъыгъэм и 28-м яубыдащ.

Накъыгъэм и19-м яубыдащ УФ-м Тезырхэр гъэзэкІуэжьныкІэ и федеральнэ кІуныкъуэм и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэ. Нэхъ пасэу хуит яцІыкІэныкІэ и Іуэхур хуэзфІыкІын щыхьэгъуэгъуэкІэ абы тутнакъэщыи исым сом мин 25-рэ кьыІихьну хэтащ.

Абыхэм япкъ иткІэ уголовнэ Іуэхухэр кьэІэтащ.

КъБР-м и хабзэхъуэмэ Іэнатіэм Зыуэ щыІэ я хъыбарегъащІэ центр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и лэжьакІуэхэр **Байсултановэ Хьэлимэт Мыхьмуд и пхъум** хуогузаво абы и щэ **Марат** игъэу абы и нэмысу зэрыпІам кьыхэкІыу.

Еджапіэ щІэтІысхьэнхэм пощтыр ядэІэпыкъунщ

● Гу зыльытапхъэ

Курыт еджапІэхэр кьэзыуухэм ящыщу къэралым и вузхэм щІэтІысхьэнхэм я документхэр мы гъэм яІэ дыдэу пощткІэ яГъэхь хьунущ. Профессиональнэ курыт щІэныгъэ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэуэт къэрал. мунищипалитетэ я еджапІэхэм щІыхуэхэр зэрыщІагъэтІысхьэ Хабзэ иджыблагъэ къащтам кьызэрыщІэлъэгъуэмкІэ, абыхэм щІэтІысхьэхэм ят документхэр дэтхэнэ пощт Іуэхущапіэмэ щрагъажьэу ягъэхь хьунущ.

ДОКУМЕНТХЭР ягъэхьан папщІэ пощтхэм щыІах письмо, бандероль, посылкэ щыкІэу. Абыхэм я лІэужьыгъуэхэр, зэрагъэхь щыкІэр, текІуадэ зэхэсхэр дэтхэнэ пощт Іуэхущапіэмэ щІэлъщ.

Документхэр вузхэм баддзэгъуэм и 25-м и ужькІэ зэрыІамылъхьэ кьыхэкІыу ахэр пощткІэ егъэжьэн хуейщ бадзэуэгъуэм и 10-м ефІыжьынущ.

УФ-м ЕГъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствам 2008 гъэм и накъыгъэзэм и 26-м кьыдигъэкІа приказ №396-м ипкъ иткІэ, документхэр щригъэхькІэ вузым щІэтІысхьэм итха лъэІу тхылъым гъусэ хуищІын хуейщ езыр зи щІыхь и, и граждан-ствэм щыхьэт текъуэ документхэм я кІэрокопиехэр, и щІэныгъэмрэ Къэрал экзаменхэм зэгуэтхэр зэритамрэ щыхьэт текъуэ документу къэралым игъэува мардэхэм тетхэм трагъэкІа копиеу нотариусым щІигъэбыдэжахэр.

Вузым зэрыщІэтІысхьэ документхэр зэрагъэхьан папщІэ, уасэхэр Іах пощтым щыкІэгъэ тарифхэм тету.

МАХУЭ Ириндж,
Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ Управленэу КъБР-м щыІэм - - «Урысей и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм и пресс-Іуэхущапіэм и лъэхъэнэ.

Къэрал къулыкъущІэхэм я зэпеуэ

Мэлыжьыхьым и 20-м кьыщыщІэдзауэ мэкъуаугъуэм и 6-щІэ Налшык щекІуэкІащ КъБР-м и къэрал къулыкъущапіэхэм я лъэкІуэхэм я спартакиадэ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Іуэхуэхэр зезыгъаКІуэ упрамленэм и команДэм Іэ зэхъэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ. СтІолыщІхэр теннисымкІэ ар псоми ефІэкІащ, волейболымрэ щыхуэз баскетболымкІэ етІуанэ хъуащ, футболымкІэ 4-нэ увыпІэр кьиныащ.

Командэр зэхъэзэ хуэжэм хуэгъэхъэзыращ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Іуэхуэхэр и секретариатым и унафэщІ, профсоюз комитетым и тхьэмадэ Бекъуэ Аслъэнбэчэрэ КъБР-м и Президентым и Администрацэм къэрал кІэлъплъыныгъэмкІэ и управленэм и унафэщым и кьуэдзэ Къэгъуэтыкъ Ахьмэдрэ.

ЖАНЫМ Сандэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэм и къэхьапІэ.

● Гимнастикэ

Сурэтхэр **ЖЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Сабиищэм щІигъу хэту

Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм вэсэмахуэ щыщІидзащ художественнэ гимнастикэмкІэ республикэ зэхъэзэхуэ эІуам. Абы хэтащ Ставрополь краим, Къэрэшей-Щэрджэсым, Ростов областым, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, 1994 - 2003 гъэхэм къалъхуа спортсмен ныбжьыщІэхэр - псори цІыхуэ 100-м щІигъу.

ЗэХЬЭЗЭХУЭР кьызэІуахащ «Динамо» зэгухьэныгъэм ди республикэм щиІэ кьудамэм и унафэщІ Лобжанидзе Георгий, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ Саенко Татьянэ, Спортымрэ туризмэмкІэ министерствэм и кьудамэм и унафэщІ КІурашын Владимир Сымэ.

- Ди республикэм художественнэ гимнастикэмкІэ зэхъэзэхуэхэр куэд щІауэ щекІуэкІакъым. Си гуапэщ мыр ди ехьулІэныгъэхэм къыжьІапІэ яхуэхуэну, - жиІащ Лобжанидзе Георгий, зэпеуэм зэтехэм я пащхьэм кьыщыпсаІэм.

Зэхьэзэхуэ зэІухар ноб1 и кІэм ноблагъэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Къэрал къулыкъущІэхэм я зэпеуэ

Мэлыжьыхьым и 20-м кьыщыщІэдзауэ мэкъуаугъуэм и 6-щІэ Налшык щекІуэкІащ КъБР-м и къэрал къулыкъущапіэхэм я лъэкІуэхэм я спартакиадэ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Іуэхуэхэр зезыгъаКІуэ упрамленэм и командэм Іэ зэхъэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ. СтІолыщІхэр теннисымкІэ ар псоми ефІэкІащ, волейболымрэ щыхуэз баскетболымкІэ етІуанэ хъуащ, футболымкІэ 4-нэ увыпІэр кьиныащ.

Командэр зэхъэзэ хуэжэм хуэгъэхъэзыращ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Іуэхуэхэр и секретариатым и унафэщІ, профсоюз комитетым и тхьэмадэ Бекъуэ Аслъэнбэчэрэ КъБР-м и Президентым и Администрацэм къэрал кІэлъплъыныгъэмкІэ и управленэм и унафэщым и кьуэдзэ Къэгъуэтыкъ Ахьмэдрэ.

ЖАНЫМ Сандэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэм и къэхьапІэ.

Іуэхущапіэ щІэтІысхьэнхэм я щІыхь

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыпэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэм ирегъэжьауэ, и Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэм и ІуэхуІэ зэпытру щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынкІэ и щІэ дыдэ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

1905 гъэм щыІа Революцэм и щІэр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІыкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ** Эдуардрэ, редактору **ЩхьэцІымыщІ** Иэн, корректорхэу **Щоджэн** Инир *(1,4-нэ нап.),* **Цей Заирэ** *(2,3-нэ нап.),* корректорхэм я дэпкъыгъуэу **Иуан Заирэ.** *Компьютер Іэ газетым и теплъэ ящІащ:* **ЩакІуэ** Мадинэ, **Мэлбахьэу** Анжелэ, *сурэтыщІ* **Бицу** Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытредзагъ сыхьэт 21.30-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №1842

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),